



Chigeloz

Chigeloz se yon enfeksyon yon bakteri bay, bakteri a rele *Chigela*. Nenpòt moun ka pran Chigeloz, men se timoun ki gen 5 lane ak timoun ki pi jèn ki plis genyen l. Bakteri *Chigela* responsab anviwon 500,000 enfeksyon Ozetazini chak ane.

Transmisyon

Moun ka pran Bakteri *Chigela* a byen fasil epi byen rapid, espesyalman pamí jèn timoun ki lakay oswa ki lekòl. Nenpòt moun ka pran Chigeloz lè bakteri a antre nan bouch yo, sa ki ka rive pandan moun nan ap:

- manje yon manje oubyen bwè yon bwason yon moun ki gen Chigeloz te prepare oswa yon moun ki gen Chigeloz te touche epi ki tou kontamite manje a oubyen bwason an ak bakteri a;
- touche kèk kote, tankou jwèt, wobinè ki nan douch yo, manch pòt yo ak tab pou chanje kouchèt, ki gen bakteri a sou yo;
- gen kontak dirèk ak matyè fekal (twalèt), tankou chanje kouchèt yon ti moun ki gen Chigeloz oswa pran swen yon moun ki gen chigeloz;
- bwè dlo ki kontamine pandan w ap naje oswa pandan w ap jwe.

Sentòm yo

Sentom Chigeloz yo ka parèt depi sou yon jou jiska sèt jou yo apre moun nan fin pran l epi l dire sèt jou jeneralman. Sentòm yo ka gen ladan yo:

- Dyare ki lejè oswa ki sevè (kapab gen san oswa glè nan twalèt moun nan)
- Lafyèv
- Kè plen
- Lestomak fè mal oswa kramp nan lestomak
- Gen anvi pou w al nan twalèt, menmsi vant ou vid

Kèk moun ki gen Chigeloz ka pa gen okenn sentòm ditou.

Prevansyon

Pou evite Bakteri *Chigela* a pwopaje lakay ou ak nan kominate w:

- Rete lakay ou lè w malad epi kenbe timoun ki malad yo lakay pou yo ka pa kwaze ak timoun ki nan gadri yo ansanm ak sa ki nan lekòl yo.
- Lave men w souvan, ak savon ak dlo cho, pandan 20 segonn pou pi piti, espesyalman anvan w manje oswa anvan w al prepare manje epi apre w sot nan twalèt oswa lè w fin chanje yon kouchèt.
 - Ede timoun yo pou yo lave men yo souvan. Si savon ak dlo pa disponib, sèvi ak dezenfektan pou men ki gen 60% alkòl pou pi piti.
- Pinga ou prepare oswa pataje manje ak bwason lè w malad.
- Si yon timoun malad, lòt timoun pa dwe jwe nan menm jwèt avè l.
- Pa sèvi ak sèvyèt lòt moun.

- Pwòpte epi dezenfekte tout bagay ak tout kote yon moun ki gen Chigeloz te petèt itilize oswa manyen (tankou jwèt, manch pòt, ranp, tab, evye, tas ak tab kote moun fè chanjman kouchèt).

Tretman

Majorite moun ki gen chigeloz geri poukонт yo nan senk a sèt jou. Nan yon ka kote bagay la vin grav, founisè swen sante w la ka preskri w antibiotik pou trete maladi a. Si w gen chigeloz, asire w ou:

- repoze;
- rete idrate pandan w ap bwè anpil likid, tankou dlo oswa bwason elektwolit;
- kontakte founisè w la si w toujou malad apre sèt jou a oswa si po w, bouch ou oubyen je w toujou sèk.

Pou w jwenn èd pou jwenn yon pwofesyonèl, rele nan **311** oubyen 844-692-4692.

Pou jwenn plis enfòmasyon, rele nan **311** oswa ale sou sitwèb nyc.gov/health epi chèche "shigellosis" (chigeloz).